

"MWEN PÈ POTE PLENT."

Li ilegal pou fè vanjans kont yon moun ki plenyen pou pèsekisyon ilegal, paske li pote yon plent devan Komisyón an, oswa paske li ede nan ankèt yon plent Komisyón an.

Si w se yon pwopriyetè oswa yon administratè, pa trete yon moun ki pote plent pou pèsekisyon diferan pa rapò a lòt lokatè yo.

Si w se lokatè, ou ka kontakte Komisyón Dwa Moun nan Maine nan si w te sibi vanjans paske w te fè rapò pèsekisyon bay mèt kay oswa administratè ou a oswa paske ou te depoze yon plent nan Komisyón an.

### CHAK MOUN MERITE YON KOTE POU L AP VIV SAN PERÈZ!

Pou pote yon plent oswa pou plis enfòmasyon, kontakte:

**Komisyón Dwa moun nan Maine**  
**51 State House Station, Augusta,**  
**Maine 04333-0051**

**Adrès:** 19 Union Street

**Sit Wèb:** [www.maine.gov/mhrc](http://www.maine.gov/mhrc)

**Telefòn:** (207) 624-6290

**TTY:** Maine Relay 711

**Fax** (207) 624-8729



### Kilè yon Pèsekisyon Lojman Ilegal?

Lwa sou Dwa Moun nan Maine rann li ilegal pou fè diskriminasyon an tèm, kondisyon oswa privilej nan lokasyon nenpòt ki lojman sou baz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, andikap fizik oswa mantal, reliyon, zansèt, nasionalite, oubyen estati familyal. 5 M.R.S.A. §4582.

Pèsekisyon ki baze sou estati klas pwoteje yon moun se yon fòm diskriminasyon lojman ilegal lè kritè sa yo satisfè:

1. Pèsekisyon an te endezirab.
2. Pèsekisyon an se poutèt klas pwoteje moun nan (egzanp, ras, sèks, elatriye).
3. (a) Pèsekisyon an te tèlman grav oswa generalize ke li te kreye yon anviwònman lojman ostil oswa abizif, oswa  
  
(b) Èd pou lojman an, lokatè yo te te klè sou kondisyon yo pou yo angaje yon konpòtman endezirab (e.g., komès lwaye pou favè seksyèl).

Lè pèsekité a se yon lokatè tou, an jeneral se yon pwopriyetè oswa administratè ki responsab si l ta konnen pèsekisyon an epi li pa pran mezi ki apwopriye pou frennen sa.



# PÈSEKISYON LOJMAN ILEGAL



**Gid pou Lokatè ak  
Mèt Kay**



## PÈSEKISYON LOJMAN ILEGAL

Lwa sou Dwa Moun nan Maine entèdi pèsekisyon nan lojman ki baze sou ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl (ki gen ladan tou idantite seksyèl ak ekspresyon seksyèl), andikap fizik oswa mantal, reliyion, zansèt, nasyonalite, estati familyal (ki gen youn oswa plis timoun ki minè) oswa resevwa asistans publik.

Pèsekisyon an kapab vèbal oswa fizik. Yon sèl zaj pèsekisyon vyolan, tankou yon atak fizik, kabap ilegal. Pèsekisyon ilegal ka gen pou wè tou ak yon seri de ensidan ki kapab gen ladan, tankou, entimidasyon, pwopozisyon yon randevou oswa kraze brize.

### ■ ■ ■ ENPÒTAN ■ ■ ■

Yo jije pèsekisyon an daprè jan moun ki fèl la wè viktim nan e sa ki parèt ofansif pou moun òdinè a.

Menm si alèkile anpil pèsekité santi ke konpòtman yo komik, achte figi, oswa inonsan, konduit yo ilegal si li nwi san rezon, fason lokatè a ka jwi epi itilize kay la.

## KÈK EGZANP

### Pèsekisyon rasyal oswa etnik, kapab genyen:

- Ensilt oswa blag rasyal;
- Betiz oswa jouman poutèt ras oswa zansèt yon moun;
- Zak vandalis sou pwopriyete yon moun nan paske li zanmi ak moun ki se yon ras diferan.

### Pèsekisyon seksyèl ka gen ladan:

- Fè apwòch sou sèks, denann oswa demand ki endezirab;
- Itilize betiz tankou "bouzen";
- Ofri yon moun pou kouche avèl pou kòb oswa refize fè reparasyon a mwens ke moun nan aksepte kouche.

### Pèsekisyon sou andikape ka gen ladan:

- Imité andikap fizik yon moun;
- Sèvi ak non imilyan tankou "psiko" oswa "estropye";
- Toumante bêt sèvis moun nan.

### Pèsekisyon opryantasyon seksyèl ka gen ladan:

- Itilize enji tankou "pede" oswa "gwin";
- Kite mesaj pèsekisyon anba pòt oswa nan telefòn;
- Voye bagay oswa atake yon moun fizikman akòz oryantasyon seksyèl yo.

## MMWEN SE YON LOKATÈ. KISA MWEN KA FÈ SI M AP SIBI PÈSEKISYON?

Asire w ke pèsekité a konnen ke w vle li sispann pèsekisyon li an.

Si yo atake oswa menase w fizikman, ou ta dwe rele lapolis san pèdi tan.

Si mèt kay la oswa jeran an gen yon pwosesis plent déjà, asire w ke pote yon plent pou yo ka rezoud pwoblèm nan.

Ou kapab kontakte Komisyon Dwa Moun nan Maine tou pou diskite sou kijan pou w pote plent.

## MWEN SE YON PROPRIYETÈ OSWA ADMINISTRATÈ. KISA MWEN KA FÈ KONSÈNAN PLENT POU PÈSEKISYON MWEN AN?

Fè tout sa w kapab pou anpeche pèsekisyon an fèt. Prepare epi distribye règleman bay manm pèsonèl ou ak lokatè yo ke pèsekisyon pa otorize e bay yon pwosedi pou fè deklarasyon.

Pran plent pèsekisyon chak lokatè o serye. Mennen ankèt sou chak plent san pèdi tan. Pran mezi korektif rapid e efikas si plent lan se verite. Konsidere tout opsyon ki disponib pou ou tankou avètisman, degèpisman, ak mete fen a pèsekisyon yon anplwaye komèt.